# НУР

6+

ISSN 0207-6551

7

2022



ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег





## Гъэмахуэ

Дыгъэр гуащIэ хъуарэ
Ныджэр ину псалъэм,
Щхъырыбейр бэгъуарэ
Имыхуэжмэ фалъэм...
Арщ, къэсащ гъэмахуэр -
ЦIыкIухэм ди IутIыжыр!
Дыгъэм гу щыдохуэр,
Тхъэгъуэщ, гум зетIыжыр.

## Жьырытэдж

Тэдж, си щIалэ,
Тэдж, си нэху,
Къыщылъэти
Iэщыр дэху.
Дыгъэр
Уи япэ иумыгъэщ,
Хадэм уиту
Нэхур гъэщ...
Жьырытэджым
ИIэщ фIыщIэ,
ЦIыху жейнэдым -
Ар имыщIэ.
Уи насыпыр
БлумыгъэкI,
Тэджи, псынщIэу
КIэлъыщIэкI...



## Жьынду

Сыжейнэдкъым, сыхуэмыхукъым,
ПщIищэ къыстевмылъхьэ.
Жэщхэм, цIыхур фыжеихукIэ,
НапIэр зэтезмылъхьэ.

Къызощыпыр хьэпщхупщ Iэджэ,
Жьынду бынырь тхъэжу.
ЗэщIызокъуэ губгъуэр гъуджэу,
Дзыгъуэу хъуар зэблэжу.

Жумэрэнхэр согъэкIуэдыр,
Гъавэр къызогъэлыр.
Жэщым плъыру уэгум ситу
Хьэцэпэцэр къохъур.

Созэгъэжыр нэхур щамэ,
СотIысхьэж уэнжакъым.
Сыщхьэукъуэу тIэкIу флъэгъуамэ,
Дэвмыхьэж уэрамым.





## КIущэ Нау

КIущэ Наур къыздоджэгу,
КIущэ Наум сыдоджэгу.
КIущэ Наур мэгъурнау,
КIущэ Наум жеIэ «Нау».
КIущэ Наур Iэрыубыдщ,
Дзыгъуэ лъэпкъи къимыубыд.
КIущэ Наум хьэлыфI хэлъщ -
КIущэ Наур псэ хьэлэлщ.

## Бадзэ

Ухуеижмэ, бадзэ, уи дзэм,
Уэ си ужьым, кхъыIэ, икI!
Узубыдрэ нэдым уиздзэм,
УиIэжынкъым абы къикI...

## Езийхэ я лъэпкъ жыгыр

Унагъуэм я Махуэшхуэм ирихьэлIэу журналым ("Нур" № 5) къытеддзат лъэпкъ жыг сурэт, сабийхэр къызытехъукIахэм я цIэхэр дэбжеижу къизыIуэфыр дгъэлъапIэу. А зэхьэзэхуэм щытекIуащ Къэхъун 1-нэ еджапIэм и 3-нэ классыр къэзыуха **ЕЗИЙ Къантемыр**.

Псом япэ зи лэжыгъэ къезыгъэхьа сабийм и ныбжьри къэтлъытэри япэ увыпIэр лъыдгъэсащ, "Нурым" и саугъэт щIыгъуу.



*Сур.* Езий Къантемыр




ЩОМАХУЭ Людэ





**ЩОДЖЭН РИММЭ**

# ДЖАМБИКРЭ АЛЪП ШЫЩIЭМРЭ

Адыгэбзэкlэ уэрсэру
А зэманым шыхэр псалъэрт.
Шы табынхэр щыlэт уэру,
Гъусэ пэжуи цlыхухэм яlэт.

Дунеижьыр и тlэу пкlэгъуэу,
Джамбик цlыкlу езыр ныбжьыщlэт.
Жану, лъэщу, теплъэ дэгъуэу,
И шы пэжри алъп шыщlэт.

Зэгурыlуэу зэныбжьэгъухэм
Губгъуэ хуитым къыщажыхьырт.
Зэми, пхыкlти пшэ гуэрэнхэм,
Бзууэ уэм къыщалъэтыхьырт.

Джамбик и шым дэуэршэрырт,
Фlэфlу алъпым ар кlэлъыплъырт.
Зэригъащlэу иш икlунур,
Псыи губгъуи зэпачыфырт.



Мэзым щIыхьэм ар мыщакIуэт, –
ЩIэсхэм ягу иримыхынут.
Щыхьым, бланэм IэкIуэлъакIуэу
Сурэт дахэ ятрихынут.

…Дунеижьыр къаплъыхьауэ,
Мазэм кIуэну я гум къохьэ.
Махуэ псом зэчэнджэщауэ,
Уафэ купсэм ахэр йохьэ.

Пшэ фIыцIэжьи, пшэ хужь цIыкIуи,
Вагъуэ лыди япхрыкIыу,
Мышынэххэу шури шыри
МакIуэ, я нэр уэм къыхуикIыу.



МащIэ кIуа е куэдрэ кIуахэ,
Къеплъыхам, ялъагъуу лъахэр,
Нэм къыIуидзэр яфIэдахэу,
Мазэм нэсри тетIысхьахэщ.

Ауэ сыт? Щыдымкъым зы псэ,
Къум-пшахъуэщIым ещхьыркъабзэщ.
Къыщежэхкъым зы псы ткIуэпси,
Псыхъуэ лъагъуэхэр гъущабзэщ.



Щамыгъуэту щыхьи, блани,
Зы жыг закъуи, зы удзыпи,
Бгышхуэм дэкIри и щхьэщыгум
ЩыхатIащ адыгэ ныпыр.

Абдеж дыдэм зэуэзэпсэу
Зэныбжьэгъухэм къагуроIуэ:
Вагъуэу хъуар къалъэтыхьами,
ЩIым нэхъ дахэу зы щымыIэ!



*Сур. Унэж Залинэ*



# ПСЫПЭР ЗЭРЫКIУЭМ ПСЫКIЭР ИРОЖЭ



***ЩОКЪУИЙ Къадир мы мазэм илъэс 80 ирикъунут. Абы къуажэ еджапIэр дыщэ медалкIэ, КъБКъУ-м филологиемкIэ и къудамэр диплом плъыжькIэ къиухри и гъащIэ псор тыхь хуищIащ ди культурэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъ Iуэхугъуищым: щIэблэр гъэсэным, абы щIэныгъэ егъэгъуэтыным, адыгэ литературэр егъэфIэкIуэным.***



Къадир еджакIуэхэм мыр яжриIэрт:

«Щэнхабзэращ цIыхур зыузэщIыр. Сигу къоуэ ар къызыгурымыIуэ фэ къыщыфхэкIым и деж. ФIыуэ феджами, IэщIагъэм я нэхъыфIым фыщехъулIэми, ахэр мащIэIуэщ фэ фымыгъасэмэ, культурэ фхэмылъмэ».

Щокъуийм и бынитIми щIэныгъэ нэхъыщхьэ тIурытI яIэщ: и къуэр юристщ, и пхъур филологщ, тIури щIэныгъэхэм я кандидатщ. Ауэ нобэ «Нурым» и гулъытэ зылъигъэсыр дадэ и пхъурылъху гъэфIэн **Дианэщ**. А цIыкIум и сурэт *(кIэпхъым кIэлъыжэу)* тетауэ щытащ ди журналым *(«Нур» № 4, 2016 гъэ)*. Къадир сабийхэм яхуэтхэну гурыфIыгъуэ къезытыр и пхъурылъху цIыкIуищырт, «Нурым» тфIэфIуи къытеддзэрт и тхыгъэхэр *(«Нур» №5, 7, 2016 гъэ; №6, 2017 гъэ)*. Нобэ Дианэ иIэ ехъулIэныгъэхэр и дадэм илъэгъуамэ, сытым хуэдэу гуфIэнут!

Жып псалъалъэ

## ГУБГЪУЭУДЗХЭР



Губгъуэбалыджэ – ночная фиалка



Губгъуэбжьыныху – черемша, дикий чеснок



Губгъуэджэш – чечевица пищевая



## Дэнэ щIыпIэ щымыпсэуми, адыгэр – щапхъэщ!

Щокъуий Къадир и пхъурылъху **Абэзэхэ Дианэ** Калифорние и Лонг-Бич къалэм щопсэу, Stevenson Elementary School-м и япэ классыр мы гъэм къиухащ. Абы и закъуэ!

Дианэ **«2022 гъэм и еджакIуэ нэхъыфI, зи щапхъэм уигъэгушхуэ»** цIэр къыхуагъэфэщащ. Гъэ еджэгъуэр щиухым и деж еджапIэхэм сабий нэхъыфIхэр къыхах, адрей псоми ар щапхъэ яхуэхъун папщIэ.

ЕджакIуэ 28-рэ зыщIэс классым я унафэщI миссис **Дженнифер Арка-Сан** а пщIэр зыхуэфащэу къилъытар Дианэщ, адрей егъэджакIуэхэри абы акъылэгъу дэхъуащ.

ЕгъэджакIуэхэм я зэгухьэм Дианэ щыхуагъэлъагъуэм, класс унафэщIым къыхигъэщащ хъыджэбз цIыкIумкIэ зэрыгушхуэр, а сабийм гулъытэ, гущIэгъу зэрыхэлъыр, нэгъуэщI хьэл-щэн дахэхэр зэрыдилъэгъуар. Куэд и уасэщ Дианэ щIэныгъэм хуэпабгъэу, зрагъаджэм дихьэхыу а пэублэ илъэсыр зэрырихьэкIар.

Дженнифер Арка-Сан зэрыжиIэмкIэ, Дианэ нэжэгужэщ, гугъуехьхэм щышынэркъым, ерыщагъ хэлъщ, сытым дежи мурад гуэрым хущIокъу икIи фIы и лъэныкъуэкIэ зыхэтым къахощ. Адрей еджакIуэхэм я щапхъэ нэсщ ди адыгэ пщащэ цIыкIур. И ехъулIэныгъэхэм дыщыгуфIыкIыу журналым къытеддзэну къыдогъэгугъэ адэ хэкум къыхуэпабгъэу псэу ди Дианэ!

*АБРОКЪУЭ Беллэ*








Губгъуэбжьын – полевой лук



Губгъуэдадий, губгъуэшей – душица



Губгъуэдыгъумэ – мята полевая



ГубгъуэІущхьэ – мак

# Элинэ дахэ и ехъулІэныгъэхэр



*УЭТЭР Элинэ* илъэси 7 мэхъу, Налшык дэт Гимназие №13-м и пэублэ классыр мы гъэм къиухащ «5» защІэкІэ. Еджэным дихьэха сабийм, дауи, и гугъуехьым пэкІуэ фІыщІэ еджапІэм къыщыхуащІащ икІи и ехъулІэныгъэхэм я щыхьэту Щытхъу Тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Элинэ фІэфІщ адыгэбзэкІэ усэхэр гукІэ зэригъэщІэну, ахэм гъэхуауэ къахуеджэурэ и адэшхуэ-анэшхуэр игъэгуфІэну.

Элинэ спортым дехьэх. Ар псым дахэу йорс, илъэситху ныбжьым зэрит лъандэрэ гимнастикэм макІуэ. Зэхьэзэхуэ зыбжанэм и зэфІэкІхэр щигъэлъэгъуэну хунэсащ сабий гурыхуэм.

2019 гъэм ***КЪЭЗАН Марьянэ*** и «Илъэсыщlэ мафІэ цІыкІу» нэтыным ирагъэблэгъауэ щытащ Элинэ, гимнастикэмкІэ и гъэсакІуэ ***КЪАЛМЫКЪ Каринэ*** щІыгъуу.

Сабий жыджэрыр сурэт щІынми дехьэх икІи ахэр езым и ютуб-каналым щегъэлъагъуэ.

Элинэ сабий сымаджэхэм, хуэмыщІа унагъуэхэм, мэжэщІалІэхэм и гур ящІоуз, ядэІэпыкъунуи мэхъуапсэ. Абы и анэр мэгугъэ псэ къабзэ цІыкІум дохутырыфІ къыхэкІыну. Ауэ зэкІэ шыпхъу нэхъыжьым къылъысыр аращи, ар емышу, темыхьэулеикІыу и дэлъху цІыкІу Эмир кІэлъоплъ, ар зыхуей хуегъазэ, езым и къэкІуэнуми зыхуегъасэ.



*«Нурым» къыбгъэдэкІыу пщащэ дахэм дохъуэхъу игу цІыкІур зыщІэхъуэпс Іуэхуфlхэр къехъулІэу псэуну.*

Зыгъэхьэзырар ***КЪУНАШ Эммэщ***



Губгъуэпхъ – тмин кавказский



Губгъуэхьэ – ячмень дикорастущий



Губгъуэжьауэ – спаржа аптечная



Губгъуэкъэб – бешеный огурец

*ДифI догъэлъапIэ*

# Идар и насып вагъуэр къоблэ



**КУЭЦЭ *Идар*** Налшык дэт гимназие №14-м, Сабий музыкэ еджапIэ №1-м щоджэ. Илъэс 11 фIэкIа мыхъу а щIалэщIэм текIуэныгъэу къихьэхуам хуэдиз къызэхъулIэр мащIэщ. Ар щытекIуащ «Радуга над Нальчиком» дунейпсо зэхьэзэхуэм *(Налшык)*, Крутой Игорь и «Академия талантов» урысейпсо зэхыхьэм *(Бжьэдыгъукъалэ)*, «Твой голос» дунейпсо зэпеуэм *(Мэзкуу)*, усэ, прозэ къеджэнымкIэ «Зажигаем новые звёзды» дунейпсо зэхьэзэхуэм *(Сочэ)*, «Золотой голос России» дунейпсо зэхыхьэм *(Мэзкуу)*, Николаев Юрий и «Пщэдджыжь вагъуэ» музыкэ академием я дунейпсо зэпеуэ зэIухам, «World Art Games» зэпеуэм *(Испание)*, нэгъуэщIхэми.

Куэцэм и пщIэр къалъытэри Кремлым и Уардэунэм накъыгъэм и 9-м къыщызэрагъэпэща махуэшхуэ концертым ирагъэблэгъащ. **Агутин Леонид** Сочэ щригъэкIуэкI Телегъэлъэгъуэныгъэм *(япэ каналым)* хэтщ.

Сабий щэ бжыгъэхэр зыщIэупщIэу щапхъэ яхуэхъуа щIалэщIэм и сабиигъуэм тедгъэпсэлъыхьащ Идар и анэ Мадинэ:

«ИлъэсиплI хъу Идар нотэм техуэу, макъыфIэу уэрэд зэришэщIым и адэшхуэм япэу гу къылъитащ. «Амикс» театрым и унафэщI **Къул Амир** иригъэлъагъури абы къыдэлажьэу хуежьащ **Къулхэ Ланэ, Амир,** япхъу **Даянэ.** Иджыпсту Идар и гъэсакIуэхэщ: **Гараевэ Полинэ, Кононовэ-Навицкая Иринэ, Уманец Михаил, Тэмазэ Лиуан, Титовэ Людмилэ.**

Идар фортепианэм зыхуегъасэ, тхылъ йоджэ, ятIэ гъэжьам къыхеIущIыкI. Макъамэр и псэм щынэхъ тепщэми, ар фIыуэ йоджэ, техникэ щIэныгъэхэм я профессор и адэшхуэ **Батыр Умар** и щапхъэщ.

*Куэцэ Идар и цIэр жыжьэ зэрыIунум зыми шэч къытетхьэркъым, нэхъыбэж къехъулIэнуи дохъуахъуэ!*



***ТЕКIУЖЬ Заретэ***



Губгъуэматэкхъуей – хатьма тюрингенская



ГубгъуэмэракIуэ – земляника лесная



Губгъуэудэщхьэгъуэжь – полевая рябинка



Губгъуэжыхапхъэ – амброзия полынно-листная

*Жып псалъалъэр зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

# ГЪЭМАХУЭМ И ДАХАПIЭ СУРЭТХЭР



Теувэжыкъуэ Эмилия, илъэсибгъу, Налшык

ХьэкIашэ Эсмирэ, илъэсибгъу, Налшык



Щомахуэ Залым, илъэсибл, Зеикъуэ



Багъэтыр Беллэ, илъэсих, Тэрч



Сыжажэ Раянэ, илъэситI, Псынэдахэ



Фырэ Асия, илъэситI, Налшык





# ГЪЭМАХУЭ ПСЫСЭЕПЛЪ

*(Пиксар)*

*Псысэ щытрах мы студиер зыухуар **Уэсли Андерсонщ.** Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа псысибл къыфхухэтхащ абы щытрахахэм ящыщу.*



1. **Рататуй** (2007 гъэ). Зыхэтым яфIэауанщ пщафIэ дзыгъуэ шырыр; ар апхуэдизу шхыныгъуэхэм щIыдихьэхыр къагурыIуэркъым. ШхапIэ ехьэжьам ар къыщIохутэри-и-и... къэхъур къэфщIэнщ псысэм феплъмэ.

2. **Гузэрыхъэ** (**Головоломка,** 2015 гъэ). КъызэрыгуэкI еджакIуэ хъыджэбз цIыкIу Райли гурыщIитху иIэт. Ахэр: ГуфIэ, ГуIэ, Шынэ, Губжь, Гужьгъэжь. Тыншу зэдэпсэурт а тхур. Ауэ Райли и гъащIэм зыщихъуэжым а гурыщIитхур зэмызэгъыж хъури зэщыхьэжахэщ. Дэтхэнэми зигъэпажэт, зигъэкът. ЗэкIужауэ пIэрэ?..



3. **Коко и щэхур** (**Тайна Коко,** 2017 гъэ). ВакъащIэ унагъуэм къыщыхъу Мигель макъамэтх хъуну мэхъуапсэ, ауэ а Iуэхум щэху шынагъуэ хэлъу къыщIокI!

4. **ГукIэ хахуэ** (**Храбрая сердцем,** 2012 гъэ). Шабзауэ Iэзэ Меридэ йобакъуэ ижь-ижьыжкIэрэ къадекIуэкIа хабзэхэм, гугъуехь куэдым Iуоуэ. Гу хахуэ зиIэ пащтыхьыпхъур текIуэфыну пIэрэ гъащIэм и гугъуехьхэм?..

5. **Псэ** (**Душа,** 2020 гъэ). Зи ныбжь хэкIуэта егъэджакIуэ Джо зэрысабийрэ ехъуапсэрт джаз гупым яхэту макъамэ игъэIуну. Абы и зэфIэкIыр игъэлъэгъуащ, къыхахащ! ГуфIэщауэ ар и унэ щыкIуэжым зекIуапIэ гъуэгум иIэ кумбым *(люк)* и щхьэр техауэ къыщIокI, йохуэхри дунейм йохыж. АдэкIэ-щэ?.. АдэкIэ къэхъур къэфщIэнщ псысэм феплъмэ.



***ХЪУЭКIУЭН Фатимэ***




# Ныуэжьыдзэ

***Мы къурш дахэм метр 2948-рэ и лъагагъщ, Iуащхьэмахуэ и Iэшэлъашэм итщ, Гижгитрэ Урды псыхъуэмрэ яку дэту. Гижгит Бахъсэныпсым хохуэж, Урды Гундэлэн холъадэ.***

Бгым и цIэр адыгэбзэм къыхэкIащ. «НыуэжькIэ» пасэм зэджэу щытар жьы хъуа нанэхэрщ. «Фызыжьыдзэ» щIыфIащари бгым и къурш папцIэхэм уагъэлъагъу. Дэтхэнэ лъэныкъуэмкIэ укъыщеплъми, – уогъэщIагъуэ.

Бгым и Iэшэлъашэ дахэр гъэмахуэ Iэщ гъэхъупIэу щытащ. Иджыпсту туристхэр хуабжьу къыхуоIэ мы щIыпIэм, Ныуэжьыдзэрэ Къуэштэнрэ *(Къуэшым етэн)* зэрагъэлъагъуну. Мы Iуащхьэ телъыджэхэр здэщыIэ щIыпIэм узышэнур Былым къуажэм ищхьэкIэ щыIэ гъуэгу бгъунжу Гижгит псым бгъурытым утетмэщ. УлъэсырыкIуэмэ, ди щIыпIэм и дэтхэнэ зы лъагъуэри гъэщIэгъуэныщэщ, теплъэгъуэхэр телъыджэщ, нэм къыIуидзэр гъуни нэзи зимыIэ дахагъэщ.



Гъэмахуэм и деж ди щIыпIэм и дахапIэхэр зэвгъэцIыху, цIыкIухэ, зевгъашэ фи нэхъыжьхэм.

*КЪУМАХУЭ Аслъэн,*
*зыплъыхьакIуэ,*
*журналист*


Мысачэ Мурат
ВАГЪУЭ-2
ТеплъэрыIуатэ (комикс)
ШейтIаным и чэщанэ шынагъуэм ЛIыгъур нэсащ. А щIыпIэр дыджт: борэнт, уафэр хъуэпскIырт, уэшхырилэт.
– Е-е-ей, щIэс мыбы зыгуэр?
– Къеблагъэ, си хьэщIэ лъапIэ, сыппэплъэурэ сешащ.
– Емынэм укъыихуа си деж? Сэ пщIэншэу зыми зыри зэрахуэзмыщIэр пщIэркъэ уэ?
– Уафэм сыдэкIуеину сыхуейщ. Гъуэгур уэ пщIэуэ къызжаIащи, сыгъэлъагъу!
– Плъагъурэ мы шыуан цIыкIур? Мыбы из дыщэ къэпхьмэ, сэ гъуэгур уэзгъэлъэгъунщ. Дэнэ ухуейми къих!


ЛIыгъур щакIуэ IэщIагъэр къигъанэри фэ ищэу бэзэрым теуващ. ШейтIаным иритыну дыщэр зэхуихьэсауэ къыщыщыхъум, абы и деж игъэзэжащ. МащIэт.
– Шыуаным и Iыхьэ плIанэщ зэрыхъур дыщэу къысхуэпхьар. Иджыри къэхь!
КIуэм-лъэурэ, ЛIыгъур зауэлI гупым яIущIащ. Абы яхыхьэри зауэ шынагъуэм ар ежьащ, ахъшэ къыщилэжьыну гугъэу.
– Мы къэпхьар сыту мащIэ! Иджыри къэгъуэт, уафэм удэкIуеину ухуеймэ! Арыншамэ, узыщIэхъуэпсыр зэикI уэзгъэлъэгъунукъым.


– Мылъкуу сиIэр уэстынщ, си унагъуэм и гугъу умыщI закъуэ!!!
ШейтIаным къигъэпцIа ЛIыгъур къэувыIэжыфыртэкъым, – цIыху хей-хэм ятеуэрт, ихъунщIэрт.
– Къидзэт мы си шыуаным иджыри дыщэ жыгъей тIэкIу, из хъун хуэдэу...
– Ей, емынэр зи унэ ихьэн ШейтIан, сыкъэбгъэпцIащ! Мы шыуаным куэд щIауэ из хъун хуеящ! УзукIынущ!
– Хъунщ! Хъунщ! Сыкъыхэпхуащ... сэ сышейтIанщ, Iэгъу! Сэ псори къызо-гъапцIэ... уи жагъуэ пщIынкъым.
КъыкIэлъыкIуэнущ

# КЪЭЩIЭРЕЙ И IЫХЬЭ

# ГУБГЪУЭ

Губгъуэудзхэм я цIэхэр мы ребусым ифтхэ журналым тет жып псалъалъэр къэвгъэсэбэпурэ. Фи лэжьыгъэхэр къевгъэхь.



Мы QR-кодым уи телефоным и камерэр тегъапсэ, «Нурым» и интернет-напэкIуэцIым ихьэ, къыззэIуих лэжьыгъэхэр гъэзащIэ.

Зэхэзылъхьар ***Къамбот Марианнэщ***




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года
**№ 7 2022 г.**

Учредитель: Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

Главный редактор
***Б. М. АБРОКОВА***

Редактор
***М. КАМБОТОВА***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Корректор
***Ф. КАШИРГОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 30.06. 2022 г.
Выход в свет 21.07. 2022 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1600 экз.
Заказ № 1399
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции: 360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.